

Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



Konprann Pwen Enpòtan SSI: Kont ki nan Enstitisyon Finansyè



Kisa kont ki nan enstitisyon finansyè ye?

Kont ki nan enstitisyon finansyè gen ladan kont chèk oswa kont-depay, kont klib pou Nwèl, kont nan koperativ epay ak kredi, kont sètifica depo ak kont depo mache monetè. Kont sa yo ka kont pou yon sèl moun oswa kont konjwen.

Nou gade tit kont lan pou detèmine kimoun ki gen aksè a lajan ki sou kont lan.

Ki diferans ki genyen ant yon yon sèl moun ak yon kont konjwen?

- Yon kont pou moun apa se non yon sèl moun ki sou tit kont lan epi, anjeneral, se sèlman moun nan ki kapab retire lajan sou kont lan.
- Yon kont konjwen gen plis pase non yon moun sou tit la (pa egzanp, John Jones oswa Mary Jones), epi tout moun ki site yo ka retire lajan sou kont lan.

Èske mwen ka gen yon kont konjwen epi m ap resevwa benefis SSI?

Wi, men nou konsidere lajan ki sou kont lan se pou ou, menm si ou pa konsidere lajan se pou ou. Si w ap resevwa benefis SSI epi ou gen yon kont konjwen avèk yon moun ki:

- p ap resevwa benefis SSI—tout lajan ki sou kont lan konsidere se lajan ou; oswa
- ap resevwa benefis SSI—nou sipoze nou toulède posede lajan ki sou kont lan an pati egal sof si ou ka montre nou lekontrè.

Pou yon kont konjwen, ou gen chans pou montre nou kèk oswa tout lajan an pa pou ou. Nou rele sa yon "refitasyon." Nou ka di w sa ou genyen pou fè pou montre lajan an se pa pou ou.

Esi mwen gen yon kont apa, men mwen kenbe lajan pou yon lòt moun sou kont lan?

Nou konsidere tout lajan ki sou kont lan se pou ou. Si w ap resevwa benefis pou yon lòt moun (pa egzanp, kòm yon benefisyè reprezantan) oswa ou kenbe lajan pou yon lòt moun sou kont ou (pa egzanp, kòm yon fideyikomisè), li enpòtan pou kont ou gen tit ki pou montre sa. Nou ka di w fason ou ta dwe titre kont ou.

Egzanp:

Mary Harris ap resevwa benefis SSI. L ap resevwa tou Asistans Tanporè pou Fanmi ki nan Nesesite (TANF) pou pitit fi li, Mavis. Lajan SSI ak TANF lan depoze nan kont Mary genyen apa. Balans kont lan se \$2200.

Pou bi SSI, pati Mary gen nan kont lan se \$2200. Lè Mary kontakte nou, nou fè li konnen fason pou li kreye ak titre yon kont apa kòrèkteman pou pitit fi li, Mavis.